



Visitor Policy

Priyorté Boston Medical Center sé sékirite pasyan nou yo, anplwayé yo ak vizitè yo. Pou nou ka balansé bezwen pasyan nou yo, ak asiré ke nou gen yon lopital an sekirité, nou pral limité kantité vizitè yo akòz KOVID-19.

Tout Vizitè

- Tout vizitè yo dwé gen 18 tan oswa plis pasé sa épi (sof pou sitiayson yo ki dekri anba a) tou yo pral fè tès dépistaj pou yo pou sentòm enféksyon KOVID 19. Vizitè ki malad oswa ki gen nenpòt sentòm (lafyèv, tous, souf kout, gòj fè mal, frison, mis, kò fè mal, oswa nouvo aparisyon ,pèdi gou bouch ak sant) pa ka rann vizit nan **nenpòt** sikonstans.
- Tout vizitè pral resevwa yon mask chirijikal lè yo rivé é yo oblijé meté mask la toutan jiskaské yo kité batiman an, menm jan ak pratiké ikyèn pou men ak kenbé distans sosyal.
- Vizitè yo pral résérvwa enstriksyon pou reté nan chanm pasyan pandan diré vizit la.
- Yo pral mande pou pasyan yo mété mask pou tout tan vizitè yo nan chanm yo.

Pasyan Granmoun ki entène ak Inité Swen Entansif

- Pou pasyan KOVID-negatif yo pral pèmèt yo gen yon vizitè pa jou, ant 2 è ak 7 è p.m. Chak pasyan ka gen plis pase yon vizitè nan tan yo rete lopital la, men pa plis pase yon vizitè pa jou.
- Pasyan KOVID positif gen dwa a vizitè nan sitiayson fen-lavi sèlman. Pou pasyan yo ki gen KOVID-19 ki rivé nan fen lavi yo, vizitè limité sèvi ak PPE apwopriyé jan ékip klinik la konséyé ap gen pèmisyon.
- Pasyan ki rivé sou fen lavi, yo ka pèmèt yo gen plizyè vizitè. Koté ki gen plizyè vizitè isit la pou vizitè pasyan, se yon sèl vizitè alafwa – tipikman wotasyon ta dwé pa plis pasé 30 minit.
- Pasyan ospis adilt yo ka gen yon vizitè ki pase nuit lan ak yo. Chak pasyan ka gen plis pase yon vizitè pandan sejou yo lopital la, men pa plis pase yon vizitè pa nuit.
- Vizitè ki gen ant 12 ak 18 lane yo ka vini ak pèmisyon ekip swen an nan inite swen entansif la sèlman.

Pasyan Pedyatri ki entène/ NICU

- Pou pasyan pedyatrik yo, tankou pasyan NICU yo, de paran/responsab legal ka vizit. Nou ka vizite 24 trè sou 24, 7 jou sou 7.

Travay ak Akouchman

- Se yon sèl moun sipò ki otorizé rété pandan akouchman pasyan an ak apré akouchman.
- Vizitè ki gen 2 zan ak plis yo ka vini kote apre akouchman yo si yo mete mask yo kòrèkteman.

Klinik Ambilatwa

- Yon sèl vizitè pa pèsòn ka vini pandan yon visit klinik anbilatwa.

Depatman Ijans

- Depatman Ijans pou Adilt: Yon sèl vizitè ak pèmisyon ekip swen an. Jeneralman vizitè yo pa ka rete pou plsi pase 15 minit.
- Depatman Ijans pou Timoun: De paran/responsab legal kapab ansanm ak timoun nan.

Sèvis chirijikal

- Yon sèl vizitè pa pèsòn pou paysan ki pral fè operasyon yo.